



## Fich Enfòmasyon Sou Mizajou estatistik Konsènan Maladi Kè & Konjesyon Serebral 2025 Ras Nwa ak Maladi Kadyovaskilè

### Maladi kadyovaskilè (CVD) (ICD-9 390 pou rive nan 459; ICD-10 I00 pou rive nan I99). Gade Tablo 14-1 jiska 14-4 ak Tablo 14-1 jiska 14-16)

- Dapre done 2017 pou rive 2020, pami granmoun Nwa ki pa Panyòl yo nan (NH) ki gen 20 an oswa plis, 58.9% gason ak 59.0% fi te gen MKV, notamman maladi kowonaryèn, ensifizans kadyak, konjesyon serebral, ak tansyon.
- An 2022 pami tout kategori laj, CVD te lakòz lanmò 64,606 gason Nwa nan NH, 58,860 fi Nwa nan NH.

### Maladi Kowonaryèn (CHD) (ICD-9 410 rive nan 414, 429.2; ICD-10 I20 rive nan I25 (gen ladan MI ICD-10 I21 rive I22))

- Dapre done 2017 rive 2020, pami granmoun Nwa nan NH ki gen 20 an oswa plis, 6.2% gason ak 6.3% fi te gen CHD.
- Dapre done 2017 rive 2020, pami granmoun Nwa nan NH ki gen 20 an oswa plis, 4.0% gason ak 2.3% fi te gen yon enfaktis myokad (atak kè).
- An 2022 pami tout laj, CHD te lakòz lanmò 24,839 gason Nwa ak 18,264 fi Nwa.
- An 2022 pami tout kategori laj, enfaktis myokad te lakòz lanmò 6695 gason Nwa ak 5193 fi Nwa.
- Nan yon ane apre yon premye MI, baze sou done 1995 rive 2012:
  - Nan laj 45 rive 64 an, 9% gason Nwa, ak 10% fi Nwa pral mouri.
  - Nan laj 65 rive 74 an, 22% gason Nwa, ak 21% fi Nwa pral mouri.
  - Nan  $\geq 75$  an, 19% gason Nwa, ak 31% fi Nwa pral mouri.
- Nan 5 an apre yon premye MI, baze sou done 1995 rive 2012:
  - Nan laj 45 rive 64 an, 16% gason Nwa ak 28% fi Nwa pral mouri.
  - Nan laj 65 rive 74 an, 33% gason Nwa ak 44% fi Nwa pral mouri.
  - Nan laj  $\geq 75$  an, 61% gason Nwa ak 64% fi Nwa pral mouri.
- Nan moun ki gen yon premye MI, pousantaj ki gen yon MI yon lòt fwa oswa CHD mòtèl nan 5 ane se konsa, baze sou done 1995 rive 2012:
  - Nan laj 45 rive 64 an, 22% gason Nwa ak 32% fi Nwa.
  - Nan laj 65 rive 74 an, 30% gason Nwa ak 30% fi Nwa.
  - Nan laj  $\geq 75$  an, 45% gason Nwa ak 20% fi Nwa.
- Dapre done 1995 rive 2012, pou moun ki gen 45 an oswa plis, kantite tan siviv medyàn nan (an ane) apre yon premye MI te 7.0 pou gason Nwa, ak 5.5 pou fi Nwa..
- An 2022, pousantaj lanmò CHD regle dapre laj moun yo pou chak 100,000 te 144 pou gason Nwa nan NH, ak 75,8 pou fi Nwa nan NH.

**Konjesyon Serebral (ICD-9 430 rive nan 438; ICD-10 I60 rive nan I69. Gade Tablo 15-1 jiska 15-7 ak Tablo 15-1 jiska 15-15)**

- Dapre done 2017 rive 2020, pami granmoun Nwa nan NH ki gen 20 an oswa plis, 4.8% gason ak 5.4% fi te gen yon konjesyon serebral.
- Nan lane 2005, moun Nwa ki te gen ant 20 ak 54 an te gen yon to ensidans aksidan vaskilè serebral iskemik ajiste parapò ak sèks (128 sou chak 100 000 moun) ki te pi wo pase to pou moun ki Blan (48 sou chak 100 000 moun)
- An 2022, pami tout kategori laj, konjesyon serebral te lakòz lanmò 10,293 gason Nwa nan NH ak 12,363 fi Nwa nan NH.
- Pousantaj lanmò regle dapre laj moun yo an 2022 pou konjesyon serebral te pi wo kay moun Nwa nan NH yo konpare ak lòt gwoup rasyal ak etnik. Pousantaj lanmò pou konjesyon serebral te 63,5 pou chak 100,000 gason Nwa nan NH ak 52,2 pou chak 100,000 fi Nwa nan NH.

**Tansyon (HBP) (Tablo 8-1. HBP nan Etazini; ICD-9 401 rive nan 404; ICD-10 I10 rive nan I15)**

- Dapre done 2017 rive 2020, pami granmoun Nwa nan NH ki gen 20 an oswa plis, 57.5% gason ak 58.4% fi te gen HBP (ki defini kòm presyon sistolik 130 mm Hg oswa pi plis oswa presyon dyastolik 80 mm Hg oswa pi plis oswa pran medikaman pou tansyon oswa lefèt ke ou enfòmè pa yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl de fwa ke ou soufri tansyon).
- Dapre done 2018, granmoun Nwa yo te gen plis chans (32.2%) pou yo te di yo a  $\geq 2$  repriz yo te gen HBP pase granmoun Amerendyen/Natif natal Alaska (27.2%), granmoun Blan (23.9%), granmoun Panyòl oswa Latino (23.7%), oswa granmoun Azyatik (21.9%).
- An 2022 pami tout kategori laj, HBP te lakòz lanmò 11,665 gason Nwa nan NH ak 10,647 fi Nwa nan NH.
- An 2022, to lanmò HBP te 31,5 pou chak 100,000. Pousantaj lanmò HBP (pou chak 100,000) pou moun Nwa nan NH te 67,3 pou gason ak 44,7 pou fi.

**Wo To Kolestewòl Sangen**

- Dapre done 2017 rive 2020, pami timoun 6 rive 11 an, to mwayen kolestewòl total la te 157.4 mg/dL. Pami timoun Nwa nan NH ki gen laj 6 rive 11 an, to mwayen kolestewòl total la te 159.3 mg/dL pou gason ak 155.3 mg/dL pou fi.
- Dapre done 2017 rive 2020, pami adolesan 12 rive 19 an, to mwayen kolestewòl sangen total la te 154.8 mg/dL. Pou adolesan Nwa NH yo, to mwayen kolestewòl total la te 153.1 mg/dL pou gason ak 156.8 mg/dL pou fi.
- Dapre done 2017 rive 2018, pami moun Nwa nan NH yo, 70.7% te fè tè kolestewòl yo nan 5 ane ki sot pase yo.
- Pami granmoun Nwa nan NH ki gen 20 an oswa plis nan ane 2017 rive 2020:
  - 27.5% gason ak 29.6% fi te gen to kolestewòl sangen total ki se 200 mg/dL oswa pi wo.
  - 6.9% gason ak 9.3% fi te gen to kolestewòl sangen total ki se 240 mg / dL oswa pi wo.
  - 26.4% gason ak 22.5% fi te gen to kolestewòl lipopwoteyin dansite ba (LDL) nan 130 mg / dL oswa pi wo.
  - 15.3% gason ak 7.9% fi te gen to kolestewòl lipopwoteyin dansite ba (HDL) kolestewòl mwens pase 40 mg / dL.

### Fimen

- Selon done 2023 yo, pami elèv lekòl presegondè ak segondè yo, elèv Nwa nan NH yo te gen mwens chans pase elèv Panyòl oswa Blan nan NH pou yo deklare yo te konsome sigarèt nan mwa ki sot pase a.
- Pami granmoun Nwa ki gen 18 an oswa plis an 2021, 11.7% te fimen sigarèt kounye a, chak jou oswa kèk jou.
- Pandan ane 2017 rive 2018, pousantaj nan popilasyon ameriken nan ki pa fimen yo jwenn kotinin serik ki detektab lakay yo (ki vle di yo te ekspoze ak tabajism pasif) te pi wo pou moun Nwa nan NH yo (48.0%) pase pou moun Blan nan NH yo (22.0%) ak Ameriken-Mesiken (16.6%).

### Aktivite fizik

- An 2022, dapre rapò paran yo, pousantaj jèn nan tout peyi a 0 rive 17 ane ki te pase  $\geq 4$  è/jou devan yon televizyon, òdinatè, telefòn selilè, oswa lòt aparèy elektwonik, ap gade pwogram, jwe jwèt, monte sou entènèt, oswa itilize medya sosyal yo (devwa lekòl pa ladan) nan pifò jou nan semèn nan te pi wo pou timoun Nwa NH yo (32.4%), ki te gen apre yo timoun Panyòl yo (24.5%) ak Azyatik (21.5%) yo.
- An 2020, 29.7% gason Nwa nan NH ak 16.5% fi Nwa nan NH ki gen 18 an oswa plis te swiv alafwa Gid Aktivite Fizik pou Ameriken yo ak direktiv pou ranfòse misk yo.

### Twòp Pwa ak Obezite

- Dapre done ki soti nan ane 2017 rive 2020, 19.7% nan timoun ki gen laj 2 rive 19 an nan peyi Etazini te obèz. Pou timoun ak adolesan, obezite defini kòm endèks mas kò (BMI)  $\geq 95$ yèm pèsantil ak obezite grav kòm BMI  $\geq 120$  nan 95yèm pèsantil. Pami timoun Nwa NH yo, 18.8% gason ak 30.8% fi te obèz.
- Dapre done ki soti nan ane 2017 rive 2020, 41.9% nan granmoun ki gen 20 an ak plis nan peyi Etazini te obèz e 9.2% te souffri obezite grav, defini kòm yon endèks mas kò  $\geq 40$  kg/m<sup>2</sup>. Pami granmoun Nwa nan NH yo, 40.4% gason ak 57.9% fi yo te obèz, e 7.9% gason ak 19.1% fi yo te souffri obezite grav..

### Dyabèt (ICD-9 250; ICD-10 E10 rive E11. Gade Tablo 9-1 jiska 9-3 ak Tablo 9-1 jiska 9-9)

- Pami jèn Ameriken yo nan done 2002 rive 2018, to ensidans (pou chak 100 000) dyabèt tip 1 te 22.1 pou jèn Nwa yo, konpare ak 7.8 pou jèn Endyen Ameriken yo, 9.4 pou jèn Azyatik oswa Zile Pasifik yo, 17.7 pou jèn Panyòl yo, ak 26.4. pou jèn Blan yo.
- Pami jèn Ameriken yo nan done 2002 rive 2018, to ensidans (pou chak 100 000) dyabèt tip 2 te 50,1 pou jèn Nwa yo, konpare ak 46,0 pou jèn Endyen Ameriken yo, 16,6 pou jèn Azyatik oswa Zile Pasifik yo, 25,8 pou jèn Panyòl yo, ak 5,2. pou jèn Blan yo.
- Pami granmoun Nwa NH yo ant 2017 ak 2020 ki gen 20 an oswa plis:
  - 11.8% gason ak 13.3% doktè te dyagnostike ki gen dyabèt.
  - 5.6% gason ak 3.2% fi doktè te dyagnostike ki pat gen dyabèt.
  - 35.3% gason ak 35.7% fi te predyabetik
- An 2022, dyabèt te lakòz lanmò 9371 gason Nwa nan NH ak 8583 fi Nwa nan NH.

## Ras Nwa & Maladi Kadyovaskilè (CVD) – Fich Enfòmasyon Estatistik 2025

Ou kapab telechaje fich enfòmasyon, enfografi, ak piblikasyon mizajou sou estatistik aktyèl/pase sou: [Heart and Stroke Association Statistics | American Heart Association](#) (sitwèb nan lang Anglè).

Anpil estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a soti nan tablo ki pa pibliye ki konpile pou dokiman sou Mizajou Estatistik la e yo kapab site yo apati dokiman ki endike anba a. Sous done ki itilize pou tablo yo endike nan tout dokiman an. Anplis, kèk estatistik soti nan etid ki pibliye yo. Si w ap site nenpòt nan estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a, tanpri revize tout dokiman Estatistik sou Maladi Kè ak Konjesyon serebral pou detèmine sous done yo ak sityasyon orijinal yo.

American Heart Association an mande pou site dokiman konplè a jan sa a :

Martin SS, Aday AW, Allen NB, Almarzooq ZI, Anderson CAM, Arora P, Avery CL, Baker-Smith CM, Bansal N, Beaton AZ, Commodore-Mensah Y, Currie ME, Elkind MSV, Fan W, Generoso G, Gibbs BB, Heard DG, Hiremath S, Johansen MC, Kazi DS, Ko D, Leppert MH, Magnani JW, Michos ED, Mussolino ME, Parikh NI, Perman SM, Rezk-Hanna M, Roth GA, Shah NS, Springer MV, St-Onge M-P, Thacker EL, Urbut SM, Van Spall HGC, Voeks JH, Whelton SP, Wong ND, Wong SS, Yaffe K, Palaniappan LP; nan non Komisyon American Heart Association sou Epidemyoloji ak Prevention Statistics Committee ak Stroke Statistics Committee Estatistik sou maladi kè ak konjesyon serebral nan lane 2025: yon rapò sou done Etazini ak mondyal American Heart Association. *Sikilasyon*. Pibliye anliy nan dat 27 Janvyè 2025.

Tanpri voye tout demann enfòmasyon medya yo bay News Media Relations nan <http://newsroom.heart.org/newsmedia/contacts> (sitwèb nan lang Anglè).